

ONGORORO YEBHUKU

Chirongwa cheKusimudzira Tsika Dzakanaka neKuvandudza Hunhu

Uyo anokudanai akatendeka, uye achazviita.

1 VaTesaronika 5:24

Rudo neZvibereko Zvarwo: Rudo rweChiKristu Sezvinoratidzwa Mumoyo neMuupenyu

Jonathan Edwards

Rudo neZvibereko Zvarwo: Rudo rweChiKristu Sezvinoratidzwa Mumoyo neMuupenyu ibhuku rakabva munhevedzano yemharidzo dzaJonathan Edwards pamusoro pa1 VaKorinte 13. Bhuku iri rinopa nzwisiso pamusoro pehukama pakati perudo nehupenyu hweChiKristu. Maitiro ake ndeekutanga ataura dzidziso obva apa humbowo hwekutsigira maonero ake. Kazhinji anopedzisa nechikamu chekushandisa dzidziso muhupenyu.

Muhurukuro yekutanga Edwards anobata kushandiswa kweshoko rekuti rudo muna 1 VaKorinte 13:1–3. Anotsanangura kuti shoko rechiGiriki riri mumagwaro ekutanga ndiro agape, rinoreva rudo rusina zvipingamupinyi, rusina kuzvifunga, uye runozvipira sechibayiro. Harisi manzwi chete asi mampiriro emukati emoyo anoita kuti munhu ave anokosha kune mumwe.

Edwards anoratidza kuti Pauro anodzidzisa kuti munhu angava nezvose kana kuita zvose, asi kana pasina rudo zvinhu izvi hazvina kukosha. Saka rudo ndirwo hupenyu nemweya wechitendero chose.

Muhurukuro yechipiri Edwards anoenzanisa rudo nezvipo zvinoshamisa zveMweya Mutsvene achiti kushanda kwakajairika kweMweya waMwari mumoyo kuburikidza nenyasha dzerudo chinhu chinopfuura zvipo zvose zvisingawanzoitika.

Muhurukuro yechitatu anotsanangura kuti zvose zvinoitwa nemunhu kana kutambura kwake hazvigoni kutsiva kushaikwa kwerudo rwechokwadi mumoyo.

Muhurukuro 4–6 Edwards anoti rudo rwechokwadi runoita kuti munhu atakure kukuvadzwa nevamwe nekuzvininipisa. Rudo runoita kuti munhu aite zvakanaka kune shamwari, vavengi, vanotenda uye vasingatendi. Jesu akati muna Mateu 25:34–36: zvamakaitira mumwe wevadiki ava makazviitira ini.

Muhurukuro 7–10 Edwards anotsanangura kuti rudo runotungamirira mukuzvininipisa, kuvimba naMwari uye kuramba mweya wekuzvida. Rudo runopesana nehasha uye mweya wekukurumidza kutonga vamwe.

Muhurukuro 11–14 Edwards anoratidza kuti rudo runopesana nezvakaipa uye runotsigira chokwadi. Kutenda, tariro nerudo zvakabatana sezvo zvichibva kuna Mweya Mutsvene.

Muhurukuro 15 Edwards anodzokera pakukosha kwerudo achiti haruperi uye harikundwi. Zvimwe zvipo zvinopera asi rudo haruperi.

Edwards anopedzisa achitarisa kudenga achiti denga inyika yerudo umo hukama hwose huchava hwakakwana. Rudo rutsvene runoita kuti mutendi ashuvire utsvene muhupenyu huno.

Bhuku iri rinoratidza kukosha kwerudo rweChiKristu muhupenyu hwemutendi. Edwards anoratidza kuti rudo inyasha dzaMwari dzinogara nekusingaperi uye dzinofanira kuratidzwa muhukama naMwari nevanhu.